

UBUHUNGIRO MURI SERUBIYA

RN

- ▶ **UFISE UBWOBA BWO GUSUBIRA MU GIHUGU CAWE?**
- ▶ **URIKO UHUNGA INTAMBARA CANKE IHOHOTEZWA?**
- ▶ **WUMVA UBANGAMIWE KUBERA UWO URI? WUMVA UBANGAMIWE KUBERA URI UMUGORE, UMWANA, URI MU MURWI W'ABAKUNDANA NABO BAHUJE IGITSINA, UHARANIRA IMVO ZA POLITIKE CANKE IZINDI MVO?**
- ▶ **WAHUNZE IGIHUGU CAWE KUGIRA UKINGIRE UBUZIMA BWAVE CANKE UBUZIMA BW'UMURYANGO WAVE?**



SABA UBUHUNGIRO MURI SERUBIYA!

Uripfuzwa uwugufasha mu gusaba ubuhungiro?
Vugana naba nyamategeko bo muri IDEAS, ni ku buntu.



ideas

+381 69 565 72 54

FUNGURA QR KODE
KUGIRA URONKE
UBUFASHA
MU VY'AMATEGEKO.



NZORONKA IKI NSAVYE UBUNGIRO?

Usavye ubuhungiro muri Serubiya, uzoba wemerewe:

- Kuhaba mu mutekano kandi vyemewe n'amategeko
- Impapuro zikuranga
- Aho uba nivy gufungura ku buntu umwanya dosiye yawe iriko irigwa
- Ubufasha mu bijanye n'amategeko ku buntu butangwa na IDEAS, bakorana na HCR
- Kuvugwa ku buntu muri leta
- Kwiyandikisha kwishure ku buntu ku bana hamwe n'ayandi mahirwe yo kwiga
- Amahirwe yo gukora biciye mumategeko inyuma y'amezi 6 usavye ubuhungiro
- Ubufasha bwo kwigishwa ku buntu ikirimi cigi serubiya hamwe n'ayandi ma serivisi



Itangazo:

Nimba wipfuzza kuvugana n'umuntu mu kirimi cawe kavukire canke utazi uwushobora kugufasha, urashobora guhamagara CRPC: +381 60 099 16 34

BARONKA UBUNGIRO GUTE?

UTANGUZA GUTE INZIRA YO GUSABA UBUNGIRO?

IZI N'INTAMBWE NYAMUKURU HAMWE N'AMATARIKI BITEGEREZA GUKURIKIZWA



1

BWIRA UMU POLISI KO WIPFUZA UBUNGIRO

Intambwe ya mbere niyo kugaragaza icipfuzo cawe co gusaba ubuhungiro. Ubwira umu polisi mu majambo make ko wipfuzza gusaba ubuhungiro.


Ku ntambwe yo kwiwandikisha ibera ku biro vy'igipolisi, umu polisi:

- **Azofata i foto hamwe n'ibikumu.**
- **Azokubaza imyidondoro yawe kandi agusabe n'impapuro zikuranga.**

Nimba udafise ibipapuro bikuranga ntuzogire impungenge, birakunda ko wiyandikisha.

Uzoronka igipapuro cemeza ko wiyandikishije. Ico gipapuro nico cemeza ko wipfuzza gusaba ubuhungiro kikaguha nububasha bwo kuguma mwikambi. Ni ku kibika neza ntigitakare.

Itangazo: Naho uba wagaragaje icipfuzo cuko ushaka gusaba ubuhungiro, ntuba uraja mu nzira yo gusaba ubuhungiro. Usabwe kwuzuzza no kurungika igipapuro co gusaba ubuhungiro kugira uronke uburenganzira buhabwa abari mu nzira yo gusaba ubuhungiro.



Itangazo:

Nimba ufise musu y'umyaka 18 kandi uri wenyene muri Serubiya, bimenyeshe mu maguru masha inzego zibijewe-wemerewe ubundi bufasha mu nzira yo gusaba ubuhungiro hamwe no guhagarikira uburenganzira bwawe.

2

GENDA MWIKAMBI WARUNGITSWEMWO MU MASAHA 72

Inyuma yo kwiandikisha ku biro vy'igi polisi, utegerezwa kugenda mw'ikambi warungitswemwo. Utazi neza aho ugenda, urashobora kuraba kugipapuro cemeza ko wiyandikishije – haranditseko ikambi utegerezwa kujamwo.


- Utegerezwa gushika mwikambi mu masaha 72 inyuma yo kwiandikisha (imisi 3)
- Utware ibintu vyawe vyose, uzoguma mwikambi nk'imisi 15
- Uzogenda witwaje igipapuro cemeza ko wiyandikishije, usabwe kucerekana ushitseyo
- Kurikiza amategeko y'ikambi kandi ugume mw'ikambi

Itangazo: Amakambi arabwa nabakozi ba SCRUM (bitwa abakozi ba KIRS mukirimi cigi serubiyu) bazokubwira mu ncamake amategeko agenga ikambi. Ufise ingorane na bamwe muri abo bakozi canke mudatahurana neza, uzovugisha abayobozi baho canke umunyamategeko aguserukira wo muri IDEAS.

Wipfuza gusohoka ikambi:

- Saba uruhusha rutangwa n'abakozi baraba ikambi
- Ugaruke ku masaha bakubwiye
- Ntusohoke ikambi utahawe urwo ruhusha

Itangazo: Nimba utazi neza uko usaba uruhusha rwo gusohoka, baza abakozi ba KIRS canke uhamagare abo muri IDEAS. Bazogusigurira uko bigenda.



Igihambaye:

- **Utagiye mw'ikambi mu masaha 72, ushobora gutakaza uburenganzira bwo gusaba ubuhungiro**
- **Uvuye mw'ikambi ataruhusha uhawe, ushobora gutakaza uburenganzira bwo kuba mw'ikambi hamwe n' uburenganzira bwo gusaba ubuhungiro**

3

KURUNGIKA DOSIYE YO GUSABA UBHUNGIRO MU MISI 23

Ufise imisi itarenze 23 kugira urungikire i biro bijejwe gutanga ubuhungiro dosiye yawe yo gusaba ubuhungiro, nivyo bifata ingingo kuri ayo ma dosiye.

- Mu misi 15 ya mbere, urindirira abakozi bivyo biro bijejwe gutanga ubuhungiro ko bagendera ikambi hama ukabaha i dosiye yawe yo gusaba ubuhungiro.
- Nimba ata muntu numwe aserukira ivyo biro agendeye ikambi mwiyo misi 15, ufise iyindi misi 8 yo kurungika dosiye yawe wenyene.
- Bihanuwe kuba ufise umunyamategeko agufasha mu gihe co kurungika dosiye yawe.
- Hamagara abanyamategeko ba IDEAS canke HCR ugishika mw'ikambi- nturindire ku mwanya wa nyuma.
- Abanyamategeko bazogufasha gutegura dosiye yawe neza.

Urashobora gusaba igipapuro wuzuzura abakozi ba KIRS wipfuzza kuciyuzuriza wenyene. Ivyo bipapuro bihari mu ndimi zitandukanye..

Umaze kurungika dosiye yawe yo gusaba ubuhungiro, uzohabwa uburenganzira bw'umuntu ari mu nzira yo gusaba ubuhungiro!

Uzohabwa karangamuntu k'abantu bari mu nzira yo gusaba ubuhungiro. Birakenewe ko wama wifise ko ako karangamuntu, na cane cane usohotse ikambi.



Ibihambaye

- **Ugume uvugana n'umunyamategeko aguserukira ukiri mu nzira yo gusaba ubuhungiro.**
- **Menyesha umunyamategeko aguserukira wipfuzza kwimuka hama azogufasha mu kubimenyesha inzego zibijewe ko ushaka guhindura aho uba.**
- **Wimutse aho uba utabimenyesheje inzego zibijewe, ushobora gutakaza uburenganzira bw'umuntu ari mu nzira yo gusaba ubuhungiro.**
- **Kirazira gosuhoka igihugu ca Serubiya uri mu nzira yo gusaba ubuhungiro, ushobora gutakaza uburenganzira bwo gusaba ubuhungiro muri Serubiya.**

4

INYUMA Y'AMEZI MAKE UZOKWUMVIRIZWA

Inyuma y'amezi make urungitse dosiye yawe, Ibiro bijejwe gutanga ubuhungiro bizoguhamagara kugira wumvirizwe. Uriko urumvirizwa, uzosabwa gusigira mu buryo buramvuye icatumye uhunga igihugu cawe n'igituma udashobora gusubirayo.

Itangazo: Ibigurwa mwico kiganiro vyose n'ibanga.

Kwitegurira ikiganiro:

- Ufise umunyamategeko aguserukira, azokumenyesha umusi w'ikiganiro hama mutegure umubonano kugira agufashe kwitegura. Umunyamategeko aguserukira azokubwira ubwoko bw'ibibazo uzobazwa hama akwereke ibice vya dosiye yawe bihambaye mubirego vyawe vyo gusaba ubuhungiro.
- Nimba udafise umunyamategeko aguserukira, naho nyene urashobora gusaba abanyamategeko bo muri IDEAS bakagufasha kwitegura.

Mu mwanya w'ikiganiro:

- Umusiguzi azoba ahari kugira agufashe mu kirimi utahura.
- Umuserukizi w'ibiro bijejwe gutanga ubuhungiro azokubaza ibibazo bijanye na dosiye yawe. Uzotekane hama utange inyishu itumbereye kandi y'ukuri.
- Umunyamategeko aguserukira nawe nyene azoba ahari kugira agufashe mu mwanya w'ikiganiro.



Igihambaye:

Birasabwe ko wibuka umusi n'isaha uzobonana n'umuserukizi wivyo biro utazosiba gahunda. Bigushikiye, ushobora gutakaza uburenganzira bwo gusaba ubuhungiro.

5

USHOBORA KURONKA INYISHU MU KIRINGO C'AMEZI 12 INYUMA YO GUSABA UBUNHUNGIRO

Ibiri bijewe gutanga ubuhungiro bizofata ingingo kuri dosiye yawe. Hakurikijwe amategeko, bishobora kuba mu kiringo c'amezi 12 umaze gusaba ubuhungiro. Rimwe na rimwe, bishobora kumara igihe kinini, ariko ntugire impungenge – ugumana uburenganzira bwawe bw'umuntu ari mu nzira yo gusaba ubuhungiro gushiko ingingo ya nyuma ifashwe.

Uhawe ubuhungiro, uzoronka kimwe muri bino bito:

- **Igiti c'impunzi, kikwemwerera kuguma muri serubiya ikiringo c'imyaka 5 kandi ico kiringo kirashobora kwongerezwa.**
- **Igiti cugukingigwa igihe gito, kikwemwerera kuguma muri serubiya ikiringo c'umwaka 1 kandi ico kiringo kirashobora kwongerezwa.**



6

URAFISE UBURENGANZIRA BWO KWUNGURUZA MU MISI 15

Iyo ingingo yafashwe atari nzinza, canke washaka kuronka igiti c'impunzi ariko wahawe igiti co gukingigwa igihe gito, urashobora kwunguruza.

- Uba ufise imisi itarenze 15 kugira umenyeshwe ko ushaka kwunguruza guhera umusi wamenyeshejwe ingingo yafashwe.

▶ Mu gihe dosiye wunguruje iriko irirwa:

- Uzohabwa karangamuntu y'umuntu ari mu nzira yo gusaba ubuhungiro nshansha.
- Ushobora kuguma muri Serubiya mu mutekano.
- Ubandanya uhabwa uburenganzira bw'umuntu ari mu nzira yo gusaba ubuhungiro, yaba ari gukora canke kwiga.

Hamagara abanyamategeko bo muri IDEAS bagufashe kwunguruza dosiye. Naho utari ufise umunyamategeko ugutangura inzira yo gusaba ubuhungiro, bazogufasha mwiyonzira yo kwunguruza dosiye.



UHABWA GUTE KU BUNTU NA IDEAS UBUFASHA MU BIJANYE N'AMATEGEKO ?

Urafise ibibazo ku bijanye no gusaba ubuhungiro muri Serubiya hamwe n'uburenganzira bwawe?
Urashobora guhamagara IDEAS:

- Ucishije kuri telefone, WhatsApp, urubuga rwa Facebook canke email.
- Egera abanyamategeko ba IDEAS mu makambi.
- Bwira abakozi ba KIRS canke abaserukira ama ONG canke HCR yuko wipfuzaga ubufasha mu bijanye n'amategeko.

Abanyamategeko ba IDEAS bazogusigurira intambwe zose z'inzira yo gusaba ubuhungiro, hamwe n'uburenganzira bwawe n'amategeko akugenga. Barashobora kugufasha ku ntambwe zose zizo.

Ibiganiro mugiranira nabo banyamategeko biguma mw'ibanga.

IDEAS itanga ubufasha mu bijanye n'amategeko bafashanije na HCR. Ni ku buntu!

Ushobora kubaronka kuri:

  +381 69 565 72 54

 @IDEASLegalAid

 Email: legalaid@ideje.rs

**Wipfuzaga karonka amakuru
aramvuye ku buhungiro muri Serubiya?
Koresha i mashini ya
HCR WhatsApp: +381 63 432 776**

